

Pou Jwenn Plis Enfòmasyon

POU JWENN:

- Fòm Aplikasyon pou Founisè Swen Sante nan Kay PBC a
- Enfòmasyon sou Kat Idantifikasyon Founisè Swen nan Kay
- Orè Randevou
- Valide Badj Kat Idantifikasyon Founisè Swen Sante

EPI POU ENFÒMASYON ADISYONÈL

Vizite sit entènèt nou an:

www.pbcgov.com/consumer

Rele Nou:

**Palm Beach County
Public Safety Department
Consumer Affairs Division
(Divizyon Zafè Konsomatè
Depatman Sekirite Piblik
Konte Palm Beach)
(561) 712-6600**

Anplasman Biwo a:

**50 South Military Trail, Suite 201
West Palm Beach, FL 33415**

Kote pou pran Anprent Ak Foto

**PALM BEACH COUNTY CONSUMER AFFAIRS DIVISION
(DIVIZYON ZAFÈ KONSOMATÈ KONTE PALM BEACH)**

Anprent Ak Foto

50 South Military Trail, Suite 201
West Palm Beach, FL 33415

BENEFIS YO

Pou Granmoun Vilnerab Yo

Badj Kat Idantifikasyon Founisè Swen Sante an asire w ke Founisè Swen Sante nan Kay ou an te pase yon verifikasyon nasyonal ki baze sou anprent, epi yo pa te diskalifye pou travay antanke yon founisè swen sante nan kay nan Konte Palm Beach akòz kèk desizyon penal.

Ou kapab verifye sit entènèt Divizyon Zafè Konsomatè Konte Palm Beach la pou w wè si Founisè Swen Sante nan Kay ou a te resevwa yon Badj Kat Idantifikasyon Founisè Swen Sante nan Kay:

www.pbcgov.com/consumer

Pou Founisè Swen Sante nan Kay

Kreye plis opòtinite anplwa.

Pral an konfòmite avèk Òdonans Lokal Founisè Swen Sante nan Kay epi evite amann sivil yo.

Si w ap travay antanke yon Founisè Swen Sante nan Kay ki pa gen lisans, yo kapab ba w yon amann sivil 500.00 dola pou chak vyolasyon.



Palm Beach County
Board of County Commissioners

**Palm Beach County
Public Safety Department
Consumer Affairs Division**

50 South Military Trail, Suite 201
West Palm Beach, FL 33415

(561) 712-6600

www.pbcgov.com/consumer

FOUNISÈ SWEN SANTE NAN KAY BEZWEN BADJ KAT IDANTIFIKASYON



**Palm Beach County
Public Safety Department
Consumer Affairs Division**

Konte Palm Beach Òdonans Founisè Swen Sante nan Kay

Travay an kolaborasyon avèk Konsèy Komisyonè Konte pou Konte Palm Beach, Konsèy Komisyonè Konte Palm Beach la te adopte Òdonans Founisè Swen Sante nan Kay (*Home Caregiver Ordinance*) Konte Palm Beach lan nan mwa Oktòb 2015.

Òdonans lan egzije pou ke aplikan Badj Kat Idantifikasyon Founisè Swen Sante nan Kay yo pase yon verifikasyon antesedan anprent eta ak nasyonal.

Moun kapab verifiye pou wè si yon founisè swen sante nan kay gen yon Badj Kat Idantifikasyon valid lè yo vizite www.pbcgov.com/consumer. Travay san yon Badj Kat Idantifikasyon Founisè Swen Sante nan Kay kapab lakòz ou gen yon amann 500.00 dola. Tanpri verifiye sit entènèt nou an pou plis enfòmasyon.

Ou Dwe Genyen yon Badj Kat Idantifikasyon Founisè Swen Sante nan Kay Si...

Ou resevwa konpansasyon, dirèkteman oswa endirèkteman, nan men yon **Granmoun Vilnerab** pou ede granmoun vilnerab la ak Aktivite ki Kouvri yo.

Yo defini yon **Granmoun Vilnerab** antanke yon moun ki gen 18 lane oswa plis ki gen kapasite pou fè aktivite nòmal lavi chak jou oswa okipe pwòp tèt li oswa pwòp pwoteksyon tèt domaje akòz yon andikap mantal, emosyonèl, sansoryèl, fizik alontèm, andikap oswa disfonksyonman nan devlopman, oswa donmaj serebral, oswa andikap vyeyès.

Aktivite ki Kouvri

Aktivite Lavi chak Jou yo

- Benyen
- Fè Bab
- Abiye
- Itilize Twalèt
- Kouche/ Leve soti nan kabann
- Fè Twalèt
- Swen Dantè
- Kapasite pou Manje-Aktivite ki gen rapò yo
- Soti nan Pozisyon Chita epi Kanpe

Aktivite Enpòtan Lavi chak Jou

- Prepare Manje
- Fè Acha
- Fè Travay nan Kay
- Jere Medikaman
- Jere Finans
- Pran Epi Ale nan Randevou Doktè
- Kondui ak/oswa Òganize Vwayaj (Swa nan Transpò Piblik oswa Machin Prive)

Eksepsyon

Si ou gen nenpòt nan lisans sa yo ak/oswa sètifikasyon, ou pa oblije genyen yon Badj Kat Idantifikasyon Founisè Swen nan Kay Konte Palm Beach:

- Enfimyè Anrejistre (*Registered Nurse, RN*)
- Enfimyè Pratikan Lisansye (*Licensed Practical Nurse, LPN*)
- Asistan Enfimyè Sètifye (*Certified Nursing Assistant, CNA*)
- Enfimyè Espesyalis nan klinik (*Clinical Nurse Specialist, CNS*)
- Enfimyè Anrejistre Avanse (*Advanced Registered Nurse Practitioner, ARNP*)
- Terapis Fizik (*Physical Therapist, PT*)
- Asistan Terapis Fizik (*Physical Therapist Assistant, PTA*)
- Terapis Okipasyonèl (*Occupational Therapist, OT*)
- Asistan Terapis Okipasyonèl (*Occupational Therapist Assistant, OTA*)

Òganizasyon Charitab ak/oswa ki baze sou Kwayans

Ki egzante de taks federal sou revni dapre Lwa 26 USC § 501(c)(3) la, epi ki sèvi Granmoun Vilnerab yo avèk referans volontè yo pou bay Aktivite ki Kouvri yo pa oblije genyen Badj Kat Idantifikasyon Founisè Swen Sante nan Kay Konte Palm Beach.

Manm fanmi ki swiv yo k ap okipe Granmoun Vilnerab yo pa oblije jwenn yon Kat Idantifikasyon Founisè Swen Sante nan Kay:

- Mari oswa Madanm
- Patnè nan Kay
- Paran ak Bòpè/Bèlmè
- Granparan ak Granparan Mari/Madanm
- Timoun ak Bofis-Bèl fi
- Pitit pitit ak Pitit Pitit Paran Mari/Madanm
- Gran Gran Pitit Pitit
- Frè ak Sè ak Frè ak Sè pa Alyans
- Ansyen mari oswa madanm

Sèvis ki ofri sou yon baz ki pa Repete

Moun ki resevwa konpansasyon dirèkteman oswa endirèkteman nan men yon Granmoun Vilnerab an echanj pou ede Granmoun Vilnerab sa a sa a avèk youn oswa plis Aktivite ki Kouvri sou yon baz ki pa repete, ki pa dwe depase 3 jou nan yon mwa oswa 24 jou nan nenpòt ane sivil pa oblije genyen yon Badj Kat Idantifikasyon Founisè Swen nan Kay Konte Palm Beach.

Kijan Pou Genyen Badj Kat Idantifikasyon

Antre nan: www.pbcgov.com/consumer

Kijan Pou Pran yon Randevou

Antre nan www.pbcgov.com/consumer

Klike sou Caregiver ID (moun kap bay swen ID)
Klike sou Schedule an Appointment (Pran on Randevou)

Pou Pran yon Randevou

W ap Bezwen:

- Kat Idantite ak Foto ke gouvènman an bay
- Aplikasyon ki ranpli
- Peman ak chèk oswa kat kredi (Pa Lajan Kach)

Pou yo kapab trete w antanke yon ajans afilye, Ajans Administrasyon Swen Sante (Agency for Health Care Administration, AHCA) dwe rekonèt ou ananke ke elijib.

Nou Pral Kowòdone:

- Foto ou
- Anprent ou
- Kat Idantifikasyon ou

Depans

Pri Badj Kat Idantifikasyon an pral depann sou si w ap travay pou yon Ajans Founisè Swen Sante nan Kay epi Ajans Administrasyon Swen Sante (*Agency for Health Care Administration, AHCA*) rekonèt ou antanke elijib oswa si ou pral travay antanke yon founisè swen sante prive/endepandan.

Verifikasyon AHCA Ajans Afilye avèk founisè swen sante nan kay – 30 Dola.

Founisè swen sante Endepandan/Prive ki pa te soumèt anprent digital yo epi yo te defini antanke AHCA elijib oblije pran anprent – 100 Dola.

Verifikasyon Antesedan Nasyonal Anprent Dijital

Si ou te deja pase yon verifikasyon antesedan anprent eta ak nasyonal atravè Ajans Administrasyon Swen Sante (*Agency for Health Care Administration, AHCA*) Florida, ou dwe toujou aplike pou yon Badj Kat Idantifikasyon Founisè Swen Sante nan Kay Konte Palm Beach, men yo pa pral oblije w pase yon lòt verifikasyon antesedan anprent ankò.

Ou pa Bezwen Fòmasyon

Badj Kat Idantifikasyon Founisè Swen Sante nan Kay Konte Palm Beach PA Gen egzijans pou edikasyon oswa fòmasyon.

Badj Kat Idantifikasyon Founisè Swen Sante nan Kay la bay asirans sèlman Founisè Swen Sante nan Kay ki gen Badj Kat Idantifikasyon an te pase yon verifikasyon antesedan anprent nasyonal, epi li pa diskalifye pou li travay antanke Founisè Swen Sante nan Kay akòz kèk dezizyon penal.